



THE SCHOOL DISTRICT OF LEE COUNTY

Theresa Bowen

Director, Exceptional Student Education

2855 Colonial Boulevard, Fort Myers, FL 33966 | O: 239-337-8104

Paran mwen yo,

Jan nou konnen li déjà, Etazini ansanm menm jan avèk yon pakèt lòt peyi nan mond lan ap lite nan moman an kont pwopagasyon nouvo maladi sa yo rele Koronaviris la ki gen ti non jwèt li ki se COVID-19. Nan lide pou nou kapab pwoteje timoun nou yo ak kominote nou an, Komisyonè Edikasyon an ki se Monsye Richard Corcoran deside fèmen tout lekòl nan distri e pwofite anonse tout elèv nèt ki nan Eta Floride la ap kòmanse pwogram fòmasyon a distans la jou kap **30 mas 2020** an. Pou sa ka rive fèt, Distri eskolè konte Lee County a te prepare yon plan kap pèmèt nou kontinye ane akademik ak pedagojik la kap gen ladann aprantisaj a distans pou tout timoun yo. Wap jwenn plan sa a isit la.

Lèt sa a se pou nou enfòme ou ke nap kontinye fòme timoun yo pandan fèmti lekòl la, pou sa fèt, Distri eskolè Konte Lee County a pral mete sou pye plan kontinite pandan ti bout tan sa a. Sikonsans eksepsyonèl sa yo ka afekte tout sistèm edikasyon an ansanm ak tout lòt sévis sipò ki konekte osinon ki depann de li yo. Wap genyen pou pi piti yon moun ki fè pati ekip IEP elèv ou a kap rete an kontak avèk ou pou sipòte ou sou ki mannyè edikasyon espesyal sa a ak tout lòt sévis ki mache avèk li yo nan lide pou bay dokiman ak materyèl ki fotokopye (kopi sou sipò di) ki apwopriye atravè platfòm an liy nan osinon pa telefòn. Tout posiblite aprantisaj a distans sa yo nou mete an plas yo se pou pwoteje sante, sekirite ak byennèt elèv nou yo ansanm ak pèsònèl anseyan an.

Depi aktivite lekòl yo reprann nòmalman, plan kontinyite akademik ak pedagojik pou yon ti bout tan an ap kanpe otomatikman e IEP pitit ou ap kontinye fonsksyone nòmalman. Lè tout aktivite lekòl sa yo redemare nòmalman, tout bezwen pitit ou a ap pran an kont nan kad pwosesis IEP a.

Si tout fwa ou ta gen kesyon osinon ou ta bezwen yon kopi di Plan Kontinyite Akademik ak Pedagojik la osinon kèk lòt enfòmasyon an plis sou pwosesis yo ki bay detay sou dwa ou kòm paran yon timoun ki gen andikap, rele nou nan liy dirèk sa a : **(239) 337-8104**.

Mèsi anpil pou pasyans ou, pou fleksibilite ou ak sipo ou pandan nap travay ansanm nan ti bout tan sa a.

Salitasyon pou nou tout.

Theresa Bowen

Direktris Edikasyon Eksepsyonèl/Nan moman Ijans pou timoun